# XALÍQ DEPUTATLARÍ KEGEYLI RAYONLÍQ KEŃESI
# SHESHIMI

2023 - yil 4 - may VI-70-60-13-184-K/23 Kegeyli rayoni hákimligi

**Кегейли районлық финанс бөлими баслығының 2023-жылдың биринши шерегинде жергиликли бюджет параметрлериниң орынланыўы туўралы есабаты ҳаққында.**

Кегейли районлық финанс бөлими баслығының 2023-жылдың биринши шерегинде жергиликли бюджет параметрлериниң орынланыўы туўралы есабаты ҳаққындағы мәселени қарап шығып ҳәмде «Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият ҳаққында»ғы Қарақалпақстан Республикасы Нызамының 21-статьясына муўапық Халық депутатлары Кегейли районлық Кеңеси

**Ш Е Ш И М Е Т Е Д И:**

1. Кегейли районлық финанс бөлими баслығының биринши орынбасары А.Адилбаевтың 2023-жылдың биринши шерегинде жергиликли бюджет параметрлериниң орынланыўы туўралы есабаты ҳаққындағы баянаты мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

2**.** Кегейли районлық районлық қаржы бөлими (Дж.Ибрагимов):

- районның жергиликли бюджетиниң шығынлар бөлегиниң белгиленген тәртипте ҳәр шеректе орынланыўын тәмийинлеў;

- жергиликли бюджеттен қаржыландырылатуғын мәкеме, кәрхана, шөлкемлерде бюджет қаржыларының мақсетсиз жумсалыўына жол қоймаў;

- жергиликли бюджеттиң артық орынланыўы нәтийжесинде еркин қалдық есабынан белгиленген тәртипте мақсетли пайдаланыў бойынша айқын илажлар белгилесин.

- жергиликли бюджет параметрлериниң орынланыўы, қосымша дереклерден пайдаланыў жөнелислери, жергиликли бюджет дараматларын асырыўдың анықланған резервлери туўралы ҳәр шеректиң жуўмағы менен Халық депутатлары Кегейли районлық Кеңесиниң сессияларында есабат берип барыўға миннетленсин.

3. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў халық депутатлары Кегейли районлық Кеңесиниң Жергиликли бюджетти қәлиплестириў ҳәм оны орынлаў, экономикалық реформаларды әмелге асырыў ҳәм исбилерменликти раўажландырыў мәселелери бойынша турақлы комиссиясына жүкленсин.

**Халық депутатлары Кегейли районлық Кеңеси баслығы** **Д.М.Утемуратов**